**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–11.04.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मौसम विभाग प्रदेशक कतेको इलाका सभ मे अगिला पाँच दिन तक मुसलाधार वर्षा आओर ओलावृष्टिक अलर्ट जारी कयलक अछि। आकाशवाणी समाचार सँ बातचीत मे मौसम विज्ञान केन्द्र, पटनाक निदेशक आशीष कुमार बतेलनि जे अगिला चौबीस घंटाक दरमियान राज्यक अधिकतर हिस्सा सभमे तेज हवा, मेघगर्जन आओर वज्रपात कँ लऽकऽ ऑरेंज अलर्ट जारी कयलक अछि। ओ बतेलनि जे अबयवला दिन मे उत्तर–पूर्व सँ लऽकऽ पश्चिम बिहार तक तेज हवा आ बिजली चमकबाक संगहि वर्षा सेहो भऽ सकैत अछि। श्री कुमार बतेलनि जे अप्रील सँ जूनक दरमियान प्री मॉनसून सीजन मे तेज वर्षा भऽ सकैत अछि। ओ लोकसभ के सतर्क रहबाक अपील कयलनि। एम्हर, पछिला बहत्तरि घंटा मे राज्य मे बिजली गिरब आओर वर्षा सँ संबंधित अलग–अलग घटना सभ मे अस्सी सँ बेसी लोकक मृत्यु भऽ चुकल अछि।

---

केन्द्र सरकार प्रदेश मे बाइढ़क पूर्वानुमार आओर जलस्तरक निगरानीक लेल आठ टा जिला सभ मे स्थाई कार्यालय खोलबाक निर्णय लेलक अछि। जल शक्ति मंत्रालय एकरा लेल राजस्व आओर भूमि सूधार विभाग सँ जमीनक मांग कयलक अछि। ई कार्यालय मुजफ्फरपुर, पूर्णियां, दरभंगा, बेगूसराय, रोहतास, गया आओर सारण जिला मे खोलल जाएत।

---

अपर पुलिस महानिदेशक, विधि व्यवस्था पंकज दाराद नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादवक अपराध संबंधी आकड़ा सभ के खारिज कयलनि अछि। आइ पटना मे संवददाता सभ सँ बातचीतक दरमियान ओ कहलनि जे नेता प्रतिपक्ष सोशल मीडिया सभ पर जाहि एक सय सत्रह घटना सभक जिक्र कयलनि अछि, ओहि मे केवल छियालीस घटना गंभीर प्रकृतिक अछि, बाकीक घटना मामूली विवाद सँ जुड़ल अछि।

---

दानापुर सँ राजद विधायक रीतलाल यादवक दानापुर स्थित आवास पर पुलिस आओर एसटीएफक टीम छापेमारी कयलक अछि। सीटी एसपी शरथ आर.एस. बतेलनि जे रीतलाल यादव आओर अन्यक खिलाफ दर्ज प्राथमिकीक मामिला मे न्यायालयक आदेश पर ई छापेमारी भेल।

---

कांग्रेस नेता कन्हैया कुमार आओर सचिन पायलटक नेतृत्व मे पार्टी कार्यकर्ता सभ आइ पटना मे सदाकत आश्रम सँ मुख्यमंत्री आवासक लेल मार्च निकाललक। पुलिस राजापुर पुलक समीप मार्च कँ आगूं बढ़बा सँ रोकि देलक। एहि दरमियान कांग्रेस कार्यकर्ता सभ पर पानिक बौछार सेहो कएल गेल। पुलिस कन्हैया कुमार आओर यूथ कांग्रेस राष्ट्रीय अध्यक्ष उदय भान समेत कतेको पार्टी कार्यकर्ता सभकँ हिरासत मे लऽ लेलक अछि। कन्हैया कुमारक कहब छनि जे जाबे तक सरकार हुनक मांग सभकँ नहिं सुनत ता धरि हुनक आंदोलन जारी रहत।

---

जलकुंभीक उपयोग कऽ हस्तशिल्पक माध्यम सँ रोजगारक नव अवसर आनबाक उद्‌देश्य सँ बेगूसराय मे आइ जलकुंभी शिल्प परियोजनाक शुरूआत भेल। केन्द्रीय कपड़ा मंत्री गिरिराज सिंह जिलाक भगवानपुर प्रखंडक लखनपुर पंचायत मे परियोजनाक विधिवत शुरूआत कयलनि। एहि अवसर पर ओ कहलनि जे परियोजनाक माध्यमे ग्रामीण क्षेत्रक दू सय दस महिला सभकँ चारि महीनाक प्रशिक्षण देल जायत। संगहि, हुनका प्रशिक्षण अवधिक दरमियान प्रतिमाह सात हजार पाँच सय रुपैयाक प्रोत्साहन राशि सेहो देल जाएत। श्री सिंह कहलनि जे एहि परियोजना सँ देशक पारिस्थितिकी तंत्रक लेल गंभीर समस्या बनि चुकल जलकुंभी सँ रोजगारक नव अवसर आओत।

---

सहरसा सँ नई दिल्लीक बीच प्रस्तावित अमृत भारत एक्सप्रेस ट्रेनक सफल ट्रायल कयल गेल। सहरसा सँ सरायगढ़ बीच एकावन किलोमीटर लंबा रेलखंड पर ट्रेन एकसय

किलोमीटर प्रतिघंटाक रफ्तार सँ चलाएल गेल। एहि ट्रेनक जल्दीए परिचालन शुरू हेबाक संभावना अछि।

———————————————————————

प्रदेश मे मुख्यमंत्री ग्रामीण सेतु योजनाक तहत सात सय नव पुलक निर्माण कयल जाएत। ग्रामीण कार्यविभागक अनुसार एकरा लेल तीन हजार करोड़ रुपैयाक राशि स्वीकृत कएल गेल अछि। विभाग अपन एक टा विज्ञप्ति मे कहलक अछि जे योजनाक तहत चौदह टा पुल सभक निर्माणक प्रशासनिक स्वीकृति भेट गेल अछि, जाहि पर एक सय सत्रह करोड़ रुपैया सँ बेसी राशि खर्च कयल जायत।

———————————————————————

खेलो इंडिया युथ गेम दू हजार पचीसक गान, मशाल आओर जर्सीक चौदह अप्रील कँ पटना मे अनावरण होयत। केन्द्रीय खेल मंत्री डॉ. मनसुख मांडविया अनावरण समारोहक मुख्या अतिथि होयताह। खेल मंत्रालय मे राज्यमंत्री रक्षा निखिल खडसे समारोहक विशिष्ट अतिथि होयताह। खेलो इंडिया युथ गेम्स कऽ आयोजन चारि सँ पन्द्रह मई धरि बिहारक पाँच टा शहर– राजगीर, पटना, भागलपुर, गया आओर बेगूसराय मे होयत।

———————————————————————

नालंदा जिलाक चंडी थाना क्षेत्र अंतर्गत प्राथमिक स्कूल रामपुर सँ पुलिस एकटा शिक्षक कँ शराब पिबाक आरोप मे गिरफ्तार कयलक अछि। ओकर बैग सँ शराब सेहो बरामद कएल गेल।

———————————————————————

रोहतास जिलाक नौहट्टा थाना क्षेत्र अंतर्गत फुलमेट्टा गाम मे स्थानीय लोकसभ एकटा वृद्ध महिलाक डायन हेबाक संदेह मे पीट–पीट कऽ हत्या कऽ देलक।

———————————————————————

अररिया जिलाक अलग–अलग थाना क्षेत्र सभ सँ पुलिस भारी मात्रा मे शराबक संग दू टा तस्कर कँ गिरफ्तार कयलक अछि। मौका पर सँ चोरीक तीन टा मोटरसाइकिल सेहो जब्त कयल गेल।

———————————————————————————

चौबीस अप्रील कँ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक मिथिलाक धरती पर आगमनक तैयारी सभकँ जायजा लेबाब लेल बिहार भाजपाक अध्यक्ष डॉ. दिलीप जायसवाल आइ मधुबनी पहुँचलाह। ओ कहलनि जे कार्यकर्ता सभ मे उत्साह अछि। मधुबनी मे पीएम कऽ ई रैली ऐतिहासिक रहत।

———————————————————————————

समाप्त भेल।